

Kijan pou mwen pran konje peye pou okipe yon manm fanmi m ki geyen yon pwoblèm sante ki grav?

Konje Fanmi ak Konje Medikal Peye, oswa PFML, se yon pwogram benefis pou anplwaye Massachusetts yo ke Commonwealth la ofri. Si ou gen yon manm fanmi ou ki gen yon pwoblèm sante grav, PFML pèmèt ou pran konje fanmi peye pou pran swen yo.

Si ou gen yon fanmi ki gen yon [pwoblèm sante ki grav](#), ou gendwa elijib pou aplike pou konje peye pou fanmi.

Longè benefis la

Ou ka pran jiska 12 semèn konje pou pran swen yon manm fanmi ou ki gen yon pwoblèm sante grav.

Sepandan, si ou te pran konje fanmi pou rete avèk yon timoun /oswa ak yon manm fanmi ki yon manm aktif nan lame nan menm ane benefis la, sa ap diminye alokasyon ou a 12 semèn.

Pou tout kalite konje, anplwaye yo pa kapab depase 26 semèn an total pou benefis ane a.

Definisyon manm fanmi

Pou rezon pran konje pou bay swen a yon manm fanmi ki genyen yon kondisyon sante grav, manm fanmi vle di:

- Mari/madanm ou oswa patnè kap viv avèk ou
- Pitit ou
- Paran ou
- Paran mari/madanm ou oswa paran patnè kap viv avèk ou
- Pitit-pitit ou
- Granparan ou
- Frè ak sè ou

Relasyon ou yo gen ladann manm fanmi w ki gen yon lyen avèk ou atravè lyen de san, gadyen legal, in loco parentis (ki ranplase yon paran), epi oswa bèl fanmi w lan.

Kote manm fanmi ou viv pa kapab afekte kalifikasyon yo. Ou ka pran konje fanmi peye pou pran swen yon manm fanmi ou ki gen yon kondisyon sante grav kèlkeswa kote yo rete.

Aktivite nan bay swen

Lè w ap pran swen yon manm fanmi ki gen yon kondisyon sante grav, aktivite yo ka gen ladan men yo pa limite a:

- Bay èd nan aktivite chak jou ke manm fanmi malad la pa kapab fè poukont li akòz kondisyon sante grav yo, tankou ede yo abiye oswa prepare manje.
- Bay transpò pou visit doktè, oswa lòt fasilite pou randevou ak tretman.
- Bay sipò pou kondisyon sante mantal grav yo, tankou mennen yo nan terapi oswa mennen yo nan randevou preskripsyon medikaman pou ka gwo depresyon yo.
- Ede fè aranjman pou chanjman swen yo, tankou yon transfè nan yon mezon retrèt.

Continue for more information >

Egzanp konje pou bay swen

Ou ka pran konje pou bay swen a yon manm fanmi w nan yon pakèt sitiyasyon. Men kèk egzanp:

- Si manman ou genyen yon ranplasman zo basen li, epi li bezwen èd pou ale ak soti nan randevou terapi fizik li, ou ka pran konje redwi, e travay mwens èdtan pa jou, oswa travay mwens jou chak semèn pou w kapab ede li.

- Si mari/madanm ou genyen yon operasyon ki mande plis tan rekiperasyon kote yo pa kapab benyen san asistans, ou ka pran jiska 12 semèn konje san rete pou w kapab ede yo.
- Si pitit ou a fè chimyoterapi/tretman kansè epi li geyen kèplen, feblès, ak doulè, ou ka pran konje tanzantan lè ou bezwen pran swen yo.

Aprann plis sou konje kontinyèl, konje redwi, ak konje tanzantan .



Dokiman ki obligatwa

Pou tout aplikasyon pou konje fanmi kote w pral bay swen a yon manm fanmi ou w ap bezwen:

Pou yo kapab apwouve konje fanmi pou bay swen a yon manm fanmi, Depatman konje Fanmi ak Konje Medikal ap bezwen konfime kisa ou ye pou manm fanmi an ak pwoblèm sante grav yo.

- 1 Enfòmè anplwayè ou 30 Jou anvan si li posib.
- 2 Ranpli yon aplikasyon sou entènèt nan paidleave.mass.gov oswa rele nan telefòn (833) 344-7365.
- 3 Bay prèv [idantite](#) ou.
- 4 Soumèt yon sètifikasyon sou kondisyon sante manm fanmi ou ke founisè swen sante manm fanmi ou ap ranpli .

Ou ka telechaje fòm lan nan: mass.gov/family-caring-form

Aprann plis nan:
mass.gov/family-leave-pran-swen

Li enpòtan pou founisè swen sante manm fanmi ou ranpli [Sètifikasyon Sante grav manm fanmi an](#) ak plis detay ke yo ka bay, espesyalman:

- Yon deklarasyon ke manm fanmi ou gen yon pwoblèm sante grav ak nenpòt lòt detay ki enpòtan sou pwoblèm manm fanmi ou (kesyon 14, 15, 18). **Se rezon kifè w ap pran konje fanmi an, kidonk asire w ke manm fanmi ou diskite sou kondisyon medikal li yo avèk founisè swen sante li. Si seksyon sa a pa byen ranpli e li pa konplè, li kapab bay reta nan apwobasyon konje ou.**
- Kilè pwoblèm manm fanmi w te kòmanse (kesyon 16)
- Ke ou menm, anplwaye a, bezwen pran swen manm fanmi w, avèk ki kalite swen w ap kapab bezwen bay (kesyon 19, 20)
- Enfòmasyon sou konbyen fwa ak konbyen tan manm fanmi ou bezwen ou pran swen yo (kesyon 21-29)
- Non ak adrès manm fanmi ou ak relasyon ou genyen ave l (kesyon 8-11)
- Lè ou siyen fòm lan, w ap ateste ke tout enfòmasyon sou fòm lan egzat.

Rele sent kontakla nan (833) 344-7365 Ant 8a.m di maten rive pou 5p.m diswa

Mande anplwayè w la oswa vizite mass.gov/dfml pou aprann plis.

V3, 4.2022